

Enfòmasyon Debaz sou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la pèmèt fanmi, lekòl ak kominote yo jwenn yon fason pou yo travay ansanm pou fè ekonomi ak pou investi nan avni pitit yo. Se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou elèv ki nan lekòl piblik yo.

KIYÈS ki ka patisipe?

Apati ane akademik 2022-2023*, elèv ki enskri nan jadendanfan ak nan klas premyè ane nan yon lekòl piblik NYC (ki enkli lekòl piblik endepandan [charter school] k ap patisipe yo) elijib pou patisipe kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon yo.

KIJAN pou w patisipe?

Si pitit ou a elijib, y ap enskri l otomatikman nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a epi l ap resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account), sof si w ta chwazi pa patisipe ak si w soti ladan l.

POUKISA yo te kreye l?

Yo kreye l pou tout elèv lekòl piblik Vil New York yo ka reve gran, devlope kapital finansye yo ka itilize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl yo, epi resevwa sipò nan men kominote yo pandan etid yo.

KIJAN sa fonksyone?

Pwogram nan pèmèt fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo bati yon fondasyon ansanm pou avni pitit yo lè li:

- **Bay chak elèv ki patisipe yon Kont Bousdetid NYC**
Tout elèv yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC avèk yon alokasyon inisyal \$100 ke NYC Kids RISE depoze sou non yo, ak posibilite pou resevwa rekonpans siplemantè apre yon tan.
- **Sipòte fanmi yo avèk zouti ak enfòmasyon pou yo devlope pwòp plan depay pa yo**
Apre yo fin aktive Kont Bousdetid NYC pitit yo, fanmi yo kapab ouvri ak konekte yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke yo posede nan avantaj pitit yo a. Apresa, fanmi yo ka kòmanse ekonomize lajan nan fason ak montan ki fè sans pou sityasyon finans yo.
- **Ankouraje kominote yo travay ansanm pou investi nan Kont Bousdetid NYC pitit yo**
Biznis, òganizasyon, enstitisyon ak lòt antite kapab kontribye nan Kont Bousdetid NYC yo atravè Bousdetid Kominotè. Kontribisyon sa yo ogmante lajan ki sou kont elèv la epi sa demontre sipò tout kominote a pou reyisit chak timoun.
- **Ranfòse atant yo pou elèv yo ale nan inivèsite ak resevwa fòmasyon pwofesyonèl**
Evènman makan yo, aktivite ak kanpay nan lekòl yo epi atravè katye yo ede elèv yo imajine sa ki posib pou avni yo.
- **Anseye edikasyon finansyè nan salklas la**
Elèv yo resevwa yon edikasyon finansyè ki adapte ak laj yo depi nan jadendanfan.

*Etandone yo te lanse Pwogram lan nan rejyon jewografik Distri Lekòl 30 lan apati lane 2017, tout elèv nan klas jadendanfan jouk rive nan klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt yo elijib pou yo patisipe.



Jwenn plis enfòmasyon: Pale avèk lekòl pitit ou a; kontakte NYC Kids RISE nan 833-543-7473 oswa sou info@nyckidsrise.org; ale sou sit nyckidsrise.org epi suiv [@nyckidsrise](https://www.instagram.com/nyckidsrise) sou rezo sosyal yo.